

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Bangsa Indonésia mibanda artéfact-artéfact budaya warisan luhur anu kacida beungharna, salah sahijina mangrupa naskah. Di antara sawatara naskah, aya anu mangrupa wawacan, nya éta carita panjang nu ditulis dina wangun pupuh. Wangun pupuh mimiti dipiwano ku masarakat Sunda, utamana kaum bangsawan sanggeusna aya pangaruh politik ti Mataram dina abad ka-17 (Ruhaliah, 2010:5).

Upama ditilik tina eusi téksna, wawacan téh dikelompokkeun jadi sababaraha bagian, nya éta naskah kelompok agama, basa, hukum/aturan, kamasarakatan, mitologi, atikan, pangaweruh, paririmbun, sastra, sastra sajarah, sajarah, jeung seni (Ekadjati, 1988:vi).

Di antara papasingan téks wawacan sakumaha nu geus disebutkeun di luhur, aya téks wawacan nu eusina sastra sajarah. Kadang-kadang éta téks téh sok dingaranan ku rupa-rupa sesebutan, di antarana babad.

Babad téh bisa disebutkeun mibanda ajén-inajén jeung kajadian-kajadian nu kawilang penting dina mangsana, kayaning kahirupan kabudayaan, alam pikiran, susunan tatanan kapamaréntahan, adat-istiadat, kaayaan kamasarakatan, jeung kagiatan-kagiatan kultural (budaya) lianna.

Réalitas anu nyampak dina babad geus pagalo jeung unsur kréativitas, nepi ka éta réalitas bisa disebutkeun muncul dina wangun anu anyar. Dumasar éta hal, babad teu bisa sacara gembeng ditilik salaku dokumén sajarah, tapi disawang ogé

salaku téks kréatif (sastra) nu dianggap nafsirkeun jeung némbongkeun hal-hal sajarah. Nu nyusun babad leuwih nekenkeun kana kagiatan ngama'naan atawa némbongkeun éksisténsi manusa ngaliwatan carita nu ngagambarkeun kajadian-kajadian nu bisa jadi sacara hakékat mah teu bener ayana, tapi asup akal sacara ma'nawi.

Fungsi jeung peran babad pikeun masarakat mangsa kiwari bisa disebutkeun penting. Nalika aya konsép mangsa kiwari mangrupa tuluyana tina mangsa baheula, mangka kamekaran bangsa jeung masarakat mangsa kiwari téh sakuduna bisa dipaham jeung dimekarkeun kalawan niténan kasang tukang sajarahna. Hartina, perlu pisan urang dina mangsa kiwari niténan sumber-sumber informasi mangsa béh ditu nu némbongkeun rupa-rupa pasualan kayaning sawangan, alam pikiran, jeung ajén-inajén nu pernah hirup jeung mekar ti mangsa ka mangsa.

Neuleuman babad upama dibandingkeun jeung karya sastra séjénna saperti dongéng, lain perkara nu gampang. Komo upama éta babad dijadikeun bahan pembelajaran nu kondisi siswana beda antara jaman ayeuna jeung jaman baheula. Ku lantaran kitu, munasabah saupama dina sawatara buku téks kapanggih bahan pembelajaran babad nu diropéa wangunna. Nu aslina upamana wangun wawacan, dirobah jadi wangun carita prosa.

Dumasar kana kasang tukang tadi, perlu aya panalungtikan ngeunaan babad. Nu ditalungtik téh salah sahiji babad, nya éta *Babad Sumedang: Ulikan Struktur jeung Semiotik pikeun Alternatif Bahan Pembelajaran Sastra di SMA*.

Nu jadi dadasar pangna *Babad Sumedang* (nu satuluyna disebut *BS*) karangan R.A.A. Martanagara jadi obyék panalungtikan lantaran *BS* karangan R.A.A. Martanagara mangrupa karya sastra nu sumberna tina sajarah. Ku lantaran kitu, eusina mangrupa sajarah nu ngariwayatkeun para pamingpin Sumedang jaman baheula sarta ngabogaan ciri-ciri karya sastra nu bisa ditalungtik ngaliwatan pamarékan sastra.

Patalina jeung alternatif bahan pembelajaran sastra di SMA, ieu panalungtikan téh mangrupa usaha pikeun ngaronjatkeun motivasi jeung daya aprésiasi siswa dina ngulik babad sangkan manggihan alternatif bahan pembelajaran sastra nu bisa mantuan siswa dina ngahontal tujuan pembelajaran.

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun ulikan struktur jeung semiotik. Numutkeun Teeuw (1984:142-143) nétélakeun yén élmu sastra nu sajati kudu mibanda sipat semiotik, nya éta kudu nganggap yén sastra téh mangrupa sistem tanda. Pancén semiotik lain ngan saukur ngadéskripsikeun tanda-tanda nu tangtu, tapi méré konvénsi-konvénsi nu didadasaran ku rupaning prilaku jeung *pembayangan*. Sakumna pangalaman jeung kabudayaan manusa dumasar kana tanda jeung ngabogaan diménsi simbolik nu dominan. Neuleuman babad, nya éta neuleuman ma'na tina éta babad. Ku ayana hasil ulikan babad, dipiharep bakal leuwih gampang dina enggoning neuleuman ma'na babad.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang tadi, ieu panalungtikan téh medar perkara struktur jeung semiotik nu aya dina *BS* pikeun Alternatif Bahan Pembelajaran Sastra di SMA. Identifikasi masalahna saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita nu aya dina *BS*?
- 2) Unsur semiotik naon waé nu aya dina *BS*?
- 3) Kumaha alternatif bahan pembelajaran sastra di SMA tina hasil analisis struktur jeung semiotik nu aya dina *BS*?

### 1.3 Watesan Masalah

Nu jadi obyék dina ieu panalungtikan nya éta *BS* karangan R.A.A. Martanagara nu ditranslitasi tina naskah nu dipiboga ku Muhamad Jen, Sumedang, diterbitkeun ku Lembaga Kebudayaan Unpad taun 1978. Dina ieu panalungtikan, nu diulik téh *BS* kalawan ngagunakeun pamarékan sastra nu ngawengku struktur jeung semiotik pikeun alternatif bahan pembelajaran di SMA.

Unsur-unsur nu dipedar dina analisis struktur ngawengku (1) tema, (2) galur (*plot*), (2) latar (*setting*), (3) palaku, jeung (4) gayabasa, sedengkeun unsur-unsur semiotik ngawengku indéks ngaran palaku jeung tindakan palaku.

### 1.4 Tujuan Panalungtikan

Nu jadi tujuan dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita nu aya dina *BS*;
- 2) unsur semiotik nu aya dina *BS*; jeung
- 3) alternatif bahan pembelajaran sastra di SMA tina hasil analisis struktur jeung semiotik nu aya dina *BS*.

### 1.5 Mangpaat Panalungtikan

Dumasar kana tujuan panalungtikan di luhur, aya sababaraha mangpaat nu bias dicokot tina ieu panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap.

1) Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan téh bisa ngeuyeuban élmu jeung méré sumbangan pikeun dunya sastra daérah, sastra nasional, utamana pikeun panalungtikan carita babad.

2) Mangpaat Praktis

Lian ti bisa méré pangaweruh anyar jeung pamahaman nu leuwih jero ngeunaan *BS*, bisa dijadikeun salah sahiji référénsi pikeun panalungtik dina ngawangun gagasan anyar nu leuwih kréatif dina mangsa nu bakal datang deuih. Lian ti éta, bisa dijadikeun alternatif bahan pemebelajaran sastra, hususna bahan pembelajaran sastra di SMA.

### 1.6 Definisi Operasional

Sangkan écés, istilah anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan didéfinisikeun sacara operasional sakumaha ieu di handap.

- 1) *Babad Sumedang*, nya éta babad nu eusina ngariwayatkeun para pamingpin Sumedang jaman baheula, ditulis ku Radén Aria Adipati Martanagara, ditransliterasi ku Haji Said Raksakusumah jeung Edi S. Ekadjati, sarta didokumentasikeun ku Lembaga Kebudayaan Universitas Pajajaran dina 1978.
- 2) *Ulikan Struktur*, nya éta hiji cara pikeun neuleuman atawa nganalisis karya sastra dumasar kana struktur, anu unsur-unsurna aya patalina antara unsur nu hiji jeung unsur nu lianna kalawan gumulung.

- 3) *Ulikan semiotik*, nya éta hiji cara pikeun neuleuman atawa nganalisis karya sastra dumasar kana sistem-sistem, aturan-aturan anu ngamungkinkeun éta tanda téh ngabogaan harti pikeun ngalancarkeun komunikasi.

### 1.7 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan téh didadaskan ku anggapan:

- 1) Tulisan-tulisan nu katempona miboga sipat sajarah sabenerna mangrupa campuran antara sastra jeung sajarah, saperti babad jeung sajarah (Teeuw, 2003:199). Ku lantaran kitu, *BS* mangrupa salah sahiji karya sastra sajarah sarta bisa ditalungtik kalawan maké pamarékan sastra;
- 2) Bahan pembelajaran sastra kudu dimekarkeun sangkan leuwih lengkep, matak ngirut, sarta bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina aprésiasi sastra;
- 3) Pangaweruh ngeunaan analisis struktur jeung semiotik *BS* bakal mantuan siswa dina ngaronjatkeun tingkat pamahaman maca teks sastra;
- 4) Dina KTSP Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda kelas X, aya kompéténsi keur maca sajarah lokal/carita babad (10.3.1).

### 1.8 Sistematika Penulisan

Hasil-hasil dina ieu panalungtikan disusun ngawengku lima bab kalawan sistematika sakumaha tabél ieu di handap.



Tabel 1

## Sistematika Laporan Panalungtikan

No	Bab	Judul Bab	Eusi Bab
1	I	BUBUKA	Mertélakeun perkara kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, definisi operasional, anggapan dasar, sistematika penulisan, jeung paradigma panalungtikan
2	II	ULIKAN PUSTAKA	Ngadadarkeun sajumlahing konsép poko nu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis masalah nu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan lianna salaku rujukan konsép jeung téori. Dina ieu bab dipedar perkara babad, téori struktur, téori semiotik, jeung pembelajaran sastra di SMA.
3	III	MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN	Mertélakeun perkara métode panalungtikan, pamarekan panalungtikan, téhnik panalungtikan, sumber data, populasi, sampel, , téhnik ngumpukeun data, jeung prosedur analisis data
4	IV	ULIKAN STRUKTUR JEUNG SEMIOTIK BABAD SUMEDANG PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PEMBELAJARAN SASTRA DI SMA	Ngadadarkeun hasil analisis data nu mangrupa hasil analisis struktur jeung semiotik nu aya dina <i>Babad Sumedang</i> . Ngadadarkeun hasil analisis nu bisa dijadikeun alternatif bahan pembelajaran di SMA
5	V	KACINDEKAN JEUNG SARAN	Mertélakeun kacindekan tina hasil analisis nu dipedar dina bab saméméhna, jeung sawatara saran nu dianggap penting pikeun panalungtikan lianna.

### 1.9 Paradigma Panalungtikan

